

Кœцыдœр паддзахады цардысты – уыдысты зœронд  лœг œмœ ус. Уыдис цын œртœ фырты: дыууœ œмбаргœ, œртыккаг та ницœмœн бœззыд. Уымœ гœсгœ йын йœ ном схуыдтой œдылы Иван.

Иу хатт зœронд лœг быдырœй тынг мæстджынæй æрбаздæхт:

«Чидœр ныссœста мœ нœу».

Хистœр œфсымœрмœ фœсидт œмœ йын загъта, цœмœй йœхи арœвдз кœна мœнœу хъахъхъœнынмœ фыдбылызгœнœгœй. Фœлœ хистœр лœппу разынд тынг зивœггæнаг:  œнœхъœн æхсœв фœфынœй кодта цъынайы œмœ не'рцахста  фыдгœнœджы. Дыккаг œхсœв астœуккаг фырт араст быдыр хъахъхъœнынмæ. Уый дœр йœхи тынг нœ  батыхсын кодта: къутœры бын фœфынœй кодта.

Æрцыд œдылы Иваны рад быдырмœ цœуын. Райста дзулы  къœбœр, бœндœн ацыд быдырмœ, œрымбœхст  къутœры œмœ райдыдта  œнхъœлмœ кœсын.  Æваст арвы нœрын ссыд, ферттывта - быдыры астœу февзœрд диссаджы рœсугъд бœх, сызгъœрин бœрцимœ,  œнœзивœг райдыдта мœнœу ссœндын. Фœцœрдœг œдылы Иван, бœхыл  бœндœн уœлœфтау баппœрста, абадт йе'ккой œмœ йœ ратœр-батœр кœны быдыры.

Бафœллад бœх, сдзырдта адœймаджы хъœлœсœй:

- Суæгъд мœ кœн, Иван, œз дын раст лœггад кœндзынœн.



Куы дœ бахъœеуон-быдырмœ иу рацу, ныкъуыззитт кœн: «Сивкœ-Буркœ! Мœ разы œрлœу цъœх кœрдœгау!»

- Ам œз февзœрдзынœн. Уый адыл уынаффœ ахицœн.

Суœгъд кодта œдылы Иван бœхы œмœ ацыд йæ хœдзармœ. Ærмœст уыцы бонæй фœстœмæ ничиуал ссœста мœнœу. Рацыд рœстœг, апырх œгас дунейыл хабар, паддзах сфœнд кодта йœ чызджы моймœ раттын, зæгъгæ.





Сбадын кодта чызджы уœлвонг гœнахы œмœ сœвœрдта йœ домœнтœ: кœд хœларзœрдœ сахъ йœ бœхыл ссœррœтт кœна мœ чызджы онг, раласа йын йе'нгуылдзœй къухдарœн, уœд уый уыдзœн уымœн йœ мойаг.
Дзыллœ бабырстой гœнахмœ сœ амонд фœлварынмœ.
Фœлœ кœми: ничи сфœрœста быруйы сœрты агœпп кœнын. Дыуурœ хистœр œфсымœры сфœнд кодтой паддзахы чызджы фенын.
Ӕдылы Иванœн зœгъын та œфсымœртœ ферох кодтой. Уый уый фæдыл не' смœсты. Ацыд быдырмœ, ныкъуыззитт кодта, фœдзырта йœ иузœрдион œмбалмœ Сивкœмœ. Цœсты фœныкъуылдмœ бœх œрбазгъордта, бœстœ гыбар-гыбур сси.
Ӕрлœууыд œдылы Иваны цур.
Уалынмœ загъта: «Мœ рахиз хъусы бабыр, галиуœй та рахиз». Ӕдылы Иван балœст рахиз хъусы, ралœст галиуœй œмœ фестад диссаджы рœсугъд – аргъауы дœр нœ зœгъдзынœ, пъеройœ дœр нœ ныффысдзынœ. Бœхмœ сгœпп кодта œмœ цыппœрвадыгœй атахт гœнахмœ. «Ох!» акœнын дœр ничи ма сфœрœста, афтœ œдылы Иван бœхыл ссæррæтт паддзахы чызгмœ, раласта йын йœ къуыхдарœн œмœ дугъы ауад.



Йœ фœд дœр ын ничи уал ауыдта.
Æрбацыдысты œфсымœртœ хœдзармœ, радзырдтой цы диссаг федтой, уый тыххœй.
Æдылы Иван пецы сœрœй дзуры:



-Уый œз уыдтœн, ме'фсымœртœ!
-Дзœгъœлдзырд ма кœн, œдылы! Пецыл хуысс œмœ дœ  дзыхыл хœц!
Цалдœр боны фœстœ паддзах бардзырд радта:
- Се'ппœт   дзылœйы куывдмœ феввœрсут.



Паддзахы чызг уыд хинœйдзаг œмœ зондджын. Цъилау зылди адœмы'хсœн, уазджыты сœнœй хорз федта, йæхœдœг сын лœмбынœг ракœс-бакœс кодта сœ рахиз къухтœм – аивœй агурдта йœ къухдарœн.

Се'гасыл дœр œрзылди, фœлœ къухдарœн не'ссардта. Фœстейы баззад œдылы Иван. Бады пецы фарсмœ скъуыд дарœсы, йœ цœстытœ ныдздзагъуыр кодта œмœ мидбылты бахудт.

Паддзахы чызг хœстœг бацыд Иванмœ, кœсы œмœ йœ къух баст. Фœрсы йœ:

- Сахъ лœппу, дœ къух баст цœмœн у?

-Хъœдмœ ацыдтœн зокъотœм œмœ мœ къух къалиуыл фœрœхуыстон.

- Цœй-ма, райхал œй, œз дын œй фенон!



Йœ баст райхœлдта Иван, йœ къухыл уыд паддзахы чызджы къухдарœн: цœхœр калы, œрттивы!

Цинœй амард паддзахы чызг, райста œдылы Иванœн йœ къух, бахуыдта йœ паддзахмœ œмœ дзуры:

- Мœнœ мœ мойагы ссардтон!

Ныхсадтой Иваны, йœ сœр ын ныффастой, ног дарœс ыл скодтой. Сахъ лœппуйы ничиуал базыдта.

Паддзах фœстиат нал бакодта œмœ сарœзта диссаджы чындзœхсœв.



Æз дœр уым уыдтœн, мыд-бœгœны нуæзтон,
мœ былтыл уад, фœлœ мœ дзыхмœ ницы бахауд.

# СИВКÆ -БУРКÆ

